

# **Chita Pa Bay**



## Other books by or edited by Bryant Freeman

- Carrié Paultre, *Tonton Liben: Annotated Edition for Speakers of English*, ed. Bryant C. Freeman. 1982, 2001.
- Lyonel Desmarattes, *Mouché Défas*, ed. Bryant C. Freeman. 1983, 1984.
- L[odewijk] F[rederik] Peleman, *Gesproken Taal van Haïti met Verbeteringen en Aanvullingen / Ti Diksyonnè Kréyòl-Nélandè ak yon ti Dégi*, rev. ed. Bryant C. Freeman. 1984, 1986.
- Bryant C. Freeman, *Ti Koze Kreyòl: A Haitian-Creole Conversation Manual*. 1987, 1994, 2004.
- Pierre Vernet ak Bryant C. Freeman, *Diksyonè Ôtograf Kreyòl Ayisyen*. 1988, 1997.
- Bryant C. Freeman, *Dictionnaire inverse de la Langue créole haïtienne / Diksyonè lanvè Lang kreyòl ayisyen an*.
- Pierre Vernet et Bryant C. Freeman, *Dictionnaire préliminaire des Fréquences de la Langue créole haïtienne*.
- Bryant C. Freeman, *Survival Haitian*. 1990, 1991, 1999.
- Bryant C. Freeman, *Survivre en Créole*. 1990, 1997, 2004.
- Bryant C. Freeman, *Überleben auf Kreolisch*.
- Bryant C. Freeman, *Sobrevivir en Criollo*.
- Bryant C. Freeman, *Haitian-English English-Haitian Medical Dictionary, with Glossary of Food and Drink*. 1992, 1997, 1999, 2004.
- Bryant C. Freeman and Jowel Laguerre, *Haitian-English Dictionary*. 1996, 1998, 2000, 2002, 2004.
- Bryant C. Freeman, *Haitian Creole for Peace Support*.
- Bryant C. Freeman, *Créole Haïtien pour le Soutien de la Paix*.
- Bryant C. Freeman, *Haitian-English Medical Phraseology for Doctors, Dentists, Nurses, and Paramedics - with seven accompanying tapes*.
- Bryant C. Freeman, *Third-World Folk Beliefs and Practices: Haitian Medical Anthropology*.
- James G. Leyburn, *The Haitian People*, ed. Bryant C. Freeman. 1998, 2004.
- Jan Mapou, *Anba Mapou a*, ed. Bryant C. Freeman.
- Jim D. Ross ak Bryant C. Freeman, *Konkòdans Bib la: Ansyen ak Nouvo Kontra*.

Jan Wobè Kadè, *Restavèk*. Tr. Iv Dejan. Pref. ak ed. Bryant C. Freeman.  
 Bryant C. Freeman, ed., *Wonn Refleksyon: Liv 1*.  
 Bryant C. Freeman, ed., *Wonn Refleksyon: Liv 2*.  
 Carrié Paultre, *Lerison*, ed. Bryant C. Freeman ak Jim D. Ross.  
 Carrié Paultre, *Amarant*, ed. Bryant C. Freeman ak Jim D. Ross.  
 Carrié Paultre, *Mànwela*, ed. Bryant C. Freeman.  
 Carrié Paultre, *Tonton Liben*, ed. Bryant C. Freeman ak Jim D. Ross.  
 Carrié Paultre, *Woman Labadi: Si m te Konnen*, ed. Bryant C. Freeman.  
 Carrié Paultre, *Se Konnen ki fè*, ed. Bryant C. Freeman.  
 Carrié Paultre, *Depi nan Ginen*, ed. Bryant C. Freeman.  
 Carrié Paultre, *Nikola, Moun Senmak*, ed. Bryant C. Freeman.  
 Carrié Paultre, *Lavalas pa ka pote l ale*, ed. Bryant C. Freeman.  
 Carrié Paultre, *Wòch nan Solèy: Annotated Edition for Speakers of English*, ed. Bryant C. Freeman.  
 Franketyèn, *Pèlentèt: Nouvo Vesyon*, ed. Bryant C. Freeman.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Twa Sekrè???*  
 Bryant C. Freeman, ed. *Kijan pou m jwenn Kòb?*  
 Bryant C. Freeman, ed. *Youn pou Bondye Youn pou Dyab*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Tijo ak Tig la*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Nan Chemen Dyab yo*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Yon Tòti k ap Chante*.  
 Michelle Etnire, *Haiti: The Orphan Chronicles*, ed. Bryant C. Freeman.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Maryaj Malis Twoukougou*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Ti Chenn Lò a*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Yon Pwason ki rele Tezen*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Yon Lwijanboje*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Yon ti Pye Zoranj*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Yon Kontra ak Ledyab*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Kèk ti Blag: Yon Pye Kòb*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Fòklò natifnatal peyi Dayiti, Liv 1: Yon Sèvyèt, yon Bourik, epi yon Baton - ak 57 lòt Kont ayisyen*.  
 Bryant C. Freeman, ed. *Fòklò natifnatal peyi Dayiti, Liv 2: Twa Chèlbè - ak 88 lòt Kont ayisyen*.  
 Beudelaine Pierre, *Testaman: Woman*, ed. Bryant C. Freeman.  
 Bryant C. Freeman and Jewel Laguerre, with Jim D. Ross, *English-Haitian Dictionary*. 2004

**And others**

**Bryant C. Freeman, Ph.D.**

# **Chita Pa Bay**

**Elementary Readings in Haitian Creole  
with Illustrated Dictionary**

**Third Edition**



**Institute of Haitian Studies  
University of Kansas  
Lawrence**

**Edisyon Bon Nouvèl  
Pòtoprens  
2004**

Copyright © 1990, 2004  
by Bryant C. Freeman

## Table of Contents / Sa ki nan Liv la

Introduction .....	9
<i>Mèt Lawouze</i> [ <i>Masters of the Dew</i> ] .....	11
by Jacques Roumain	
<b>Chapit 1: Fonwouj</b> .....	13
<b>Chapit 2: Mannwèl tounen</b> .....	15
<b>Chapit 3: Mèsi, Bondye</b> .....	19
<b>Chapit 4: Chita pa bay</b> .....	23
<b>Chapit 5: Yon vye istwa</b> .....	27
<b>Chapit 6: Travay nan tèt ansanm</b> .....	30
<b>Chapit 7: Dlo!</b> .....	33
<b>Chapit 8: Yon fil ki pa janm kase</b> .....	37
<b>Chapit 9: Dlo pou ki moun?</b> .....	40
<b>Chapit 10: Yon koze serye</b> .....	43
<b>Chapit 11: Lanmò</b> .....	46
<b>Chapit 12: Mèt Lawouze</b> .....	49
<b>Kèsyon jeneral</b> .....	53
<b>Pwovèb</b> [Haitian Proverbs] .....	54
<b>Blag</b> [Jokes] .....	59
<b>Bouki ak Ti Malis</b> [Folk Tales] .....	69
<b>Kont</b> [Riddles] .....	75
<b>Kèk Ti Pwoblèm Kalkil</b> [Practice with Numbers] .	78
<b>Matye 5: 3-11</b> [Sermon on the Mount] .....	81
<b>Lapriyè Granmèt la</b> [The Lord's Prayer] .....	83
<b>Ti Diksyonè</b> [Illustrated Dictionary] .....	85
<b>Haitian-English Glossary</b> .....	111





## Introduction

Once the beginning student of a foreign language has acquired its rudiments, the need is felt for elementary reading material to reinforce what has been learned. Unfortunately, very little material at this level exists in Haitian. The great majority of texts available are designed either for the native speaker just learning to read, or for the accomplished one who already reads Haitian with ease. Both categories, however, enjoy a wide range of vocabulary far beyond that of a beginning non-Haitian student. Thus it was to provide more relatively elementary readings, which we hope will be both interesting and challenging, that these selections were assembled.

The first edition in 1984 used the Pressoir-Faublas or ONAAC spelling system which was still in general use at that time. Subsequently the spelling system officially endorsed by the Haitian government has become widely accepted and is now used by journals such as *Bon Nouvèl* as well as by the great majority of those publishing in Haitian. The present revised edition has therefore been rewritten using the official system.

The principal selection here is our greatly abridged version of what is probably the only work of Haitian literature to have achieved the status of an internationally known classic: Jacques Roumain's novel written in French entitled *Gouverneurs de la Rosée* (*Masters of the Dew*). Its poignant message of hope and human solidarity has resulted in translations into some 17 languages and been adapted for both stage and cinema. It is followed by a sampling of Haitian proverbs, which are so eloquently expressive of the national character. Some have even stated that the language is worth learning if for no reason other than its rich repertory of proverbs: from much suffering has come much wisdom.

For fun, and of course learning, there is a section of ten jokes, followed by four tales concerning the two most famous characters of Haitian folklore, **Bouki** and **Ti Malis**. Next, there is a taste of another Haitian favorite, the riddle. Included also are some simple arithmetic problems intended both for practice in handling numbers as well as for reinforcing vocabulary. As a fitting close are the

Sermon on the Mount and the Lord's Prayer, from **Bib La**, the masterful translation under the direction of Father Roger Désir of both the Old and New Testaments. Whenever appropriate, there are questions after each section, which we hope will prove useful especially for oral practice in class.

A small dictionary illustrated by various Haitian artists presents some 210 terms essential to the Haitian scene. The Glossary gives English equivalents of all words and expressions contained in the text, including those of the illustrated dictionary. In addition, there are frequent "mini-glossaries" throughout the texts intended as a handy learning device for expressions - indicated by an asterisk - which may well be new to the beginner.

In using this text, we cannot stress enough the importance of attempting to *think in the foreign language*. Once the initial "decoding" of a passage has been accomplished, it is essential that the passage be read for a second and third time, *thinking it in Haitian*. These additional readings will prove far more useful than the first. It is in this way that reading material can be most effective in improving one's active use of a foreign language.

We wish to express our appreciation to Jowel Laguerre and Vania Sévère for assistance in editing the texts. Thanks go also to Father Roger Désir for resolving a number of problems. Kind permission was granted by Temps Actuels to adapt Jacques Roumain's *Gouverneurs de la Rosée*, and by Gérard-Marie Tardieu to reproduce a number of riddles from his *Tim? Tim? Bwa chèch!* Illustrations are by Astrel Gilles, Frantz Jean Mary ("Fanfan"), and B. Brice, with generous permission from the Ministry of Education of Haiti, *Bon Nouvèl, Boukan*, and the late Dr. Raphael G. Urciolo ("Fayo"). The cover drawing is by Astrel Gilles, from Fayo's *3333 Proverbs in Haitian Creole*. Finally, it is thanks to the direction of Father Henk Kaal ("**pè Anri**"), *Bon Nouvèl's* able and energetic former director, that this work was initially published.

Lawrence, Kansas (USA)  
June 2004

Bryant C. Freeman

**Masters of the Dew**, by Jacques Roumain (1907-1944), is almost certainly the best known masterpiece of Haitian literature.

Published posthumously in 1945, this novel has been translated into no fewer than 17 languages, has been adapted four times for the stage, and was the subject of an award-winning film. Its message of hope and human solidarity, related in a style of exceptional poetic beauty, has assured an appeal which transcends linguistic and cultural barriers.

Our greatly abridged version presented here in the Haitian language can serve as an introduction which we hope will encourage one to read either the original French version, **Gouverneurs de la Rosée** (Paris, 1946), or the excellent English translation by Langston Hughes and Mercer Cook (New York, 1947).

*Men\* moun n ap jwenn nan Mèt Lawouze:*

**Mannwèl**      jenn nèg\* ki te deja pase kenzan nan  
koupe kann\* nan peyi Kiba\*

**Byenneme**    papa li

**Delira**        manman li

**Anayiz**        mennaj\* li

**Jèvilen**        pitit gason Doriska, e ki renmenAnayiz

*Epi de (2) moun ki mouri deja, men ki enpòtan  
nan istwa a:*

**Sovè**            frè Byenneme ki te mouri nan prizon  
gen\* lontan

**Doriska**        papa Jèvilen; se Sovè ki te touye li gen\*  
dizan konsa



**gen**            ago; to have

**kann**         sugar cane

**Kiba**         Cuba

**men**          here is, here are;

hand; but

**mennaj**      girlfriend; boyfriend

**nèg**            man; black man

## Chapit 1: Fonwouj



Nou nan yon ti bouk\* pa twò lwen Pòtoprens. Bouk sa a rele Fonwouj. Li gen yon pwoblèm ki gwo anpil anpil: pa gen dlo. Pa gen dlo menm menm. Plant ap mouri, bèt ap mouri. Yon jou se moun ki ka mouri tou. Depi lontan lontan lapli pa tonbe. Tout bagay sèk, tout bagay tris. 5

Petèt\* se paske yo te koupe tout pyebwa\* yo, men sa ou vle? Yo te bezwen bwa a pou fè chabon\*, pou fè kay, lantiray\*, mèb\*. Epi yo te bezwen tè a tou pou plante mayi\*, pou plante pwa\*, pou yo jwenn manje. Si yo pa travay tè a, yo p ap manje. 10

Devan yon ti kay pay\* gen de vye granmoun ki chita\*: yon nèg ki rele Byenneme, ak Delira, madanm li.

### Byenneme

“Zafè nou pa bon. Tout bagay ap mouri. Bondye bliye nou nèt.”

### Delira

“Pa pale konsa. Se pa byen, non. Deja nou pa gen lespwa\*. Pitit gason nou an kite nou depi lontan, pou ale koupe kann nan peyi Kiba. Li p ap tounen. Non, se vre, pa gen lespwa.” 15

## Chapit 1: Kèsyon


*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. **Ki kote ti bouk la ye?**
2. **Kijan bouk sa a rele?**
3. **Ki gwo pwoblèm li genyen?**
4. **Kisa k ap mouri?**
5. **Depi kilè lapli pa te tonbe?**
6. **Kisa moun yo te koupe?**
7. **Poukisa yo te bezwen bwa a?**
8. **Ki bagay yo te plante sou tè a?**
9. **Si yo pa travay tè a, sa k ap rive?**
10. **Ki kote de vye granmoun sa yo chita?**
11. **Kisa Byenneme di?**
12. **Epi kisa Delira reponn li?**
13. **Kote pitit gason yo a te ale?**
14. **Kisa li te fè la?**
15. **Yo kwè l ap tounen?**
16. **Èske yo kwè gen lespwa pou yo?**

---

<b>bouk</b>	village	<b>mayi</b>	corn
<b>chabon</b>	charcoal	<b>mèb</b>	furniture
<b>chita</b>	to sit down, be seated	<b>pay</b>	straw
<b>lantiray</b>	fence	<b>petèt</b>	perhaps, maybe
<b>lespwa</b>	hope	<b>pwa</b>	bean; pea
		<b>pyebwa</b>	tree

## Chapit 2: Mannwèl Tounen



Sou gran wout la, yon gwo kamyon rete. Yon nèg desann. Li gen anpil fòs, li vanyan\*. Li gade toupatou, li sezi\*. Li te kwè li konnen peyi sa a, men gen lè se pa peyi pa l\* la, li pa rekonnèt anyen. Tout bagay sèk, tout bagay tris. Li fè yon ti mache\*, epi li wè yon bèl nègès\*.

5

### Mannwèl

“Bonjou! Kijan ou ye?”

### Anayiz

“M pa pi mal, non.”

### Mannwèl

“Mwen menm se natif natal\* isit la. Gen kenzan konsa depi m te kite peyi a. M te ale koupe kann Kiba. Mezanmi! sa te rèd\*!”

10

Anayiz

“Sa ou vle? Nou fèt\* nan mizè, se nan mizè n ap mouri. Isit la, tè a sèk anpil. Epi sèl chans nou, se tè a. Se vre, wi. Men kounyeya, tè a pa\* bay anyen ankò\*. Lapli pa tonbe ankò.”

Yo kontre yon fanm ki di: “Bonjou, Anayiz!”

5

Mannwèl

“O! Se konsa yo rele ou, Anayiz! Mwen menm, yo rele m Mannwèl. M se pitit Byenneme ak Delira. Yo pa rete lwen isit la.”

Lamenm\*, nègès la ale, san li pa di anyen. Nèg la sezi anpil. Li pa konprann anyen. “Li difisil pou konprann fanm!”

10

---

<b>fè yon ti mache</b>	to walk a bit
<b>fèt</b>	to be born; done, made, completed
<b>lamenm</b>	immediately
<b>natif natal</b>	native
<b>nègès</b>	woman
<b>pa . . . ankò</b>	no . . . longer
<b>pa l</b>	his ( <i>possessive indicator</i> )
<b>rèd</b>	hard, tough
<b>sezi</b>	surprised
<b>vanyan</b>	robust; hard-working



## Chapit 2: Kèsyon

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. Kisa kamyon an fè?
2. Ki moun ki desann?
3. Kisa li fè lè l desann?
4. Poukisa li sezi?
5. Ki moun li wè?
6. Kisa li di l?
7. Kisa nègès la reponn?
8. Ki kote nèg sa a te ale?
9. Konben tan li te pase la?
10. Ki gwo pwoblèm yo gen isit la?
11. Ki sèl chans yo genyen?
12. Kijan yo rele nègès la?
13. Kijan yo rele nèg la?
14. Ki moun ki papa l?
15. Ki moun ki manman l?
16. Kisa nègès la fè lamenn?
17. Kisa nèg la di?

## Numbers are important in every language!

<b>1</b>	<b>youn</b>	<b>11</b>	<b>onz</b>
<b>2</b>	<b>de</b>	<b>12</b>	<b>douz</b>
<b>3</b>	<b>twa</b>	<b>13</b>	<b>trèz</b>
<b>4</b>	<b>kat</b>	<b>14</b>	<b>katòz</b>
<b>5</b>	<b>senk</b>	<b>15</b>	<b>kenz</b>
<b>6</b>	<b>sis</b>	<b>16</b>	<b>sèz</b>
<b>7</b>	<b>sèt</b>	<b>17</b>	<b>disèt</b>
<b>8</b>	<b>wit</b>	<b>18</b>	<b>dizwit</b>
<b>9</b>	<b>nèf</b>	<b>19</b>	<b>diznèf</b>
<b>10</b>	<b>dis</b>	<b>20</b>	<b>ven</b>

## Chapit 3: Mèsi, Bondye!



Nan yon lakou\*, yon vye granmoun fanm chita. Li tris, li bouke ak lavi a, li pa gen lespwa. Bò kote li, yon vye granmoun gason chita ap fimèn\* pip li. Li tris anpil tou.

Sanzatann\*, yon vanyan gason antre nan lakou a. Delira gade, san li pa konprann anyen, epi:

5

### Delira

“Pitit mwen, ay! pitit mwen!”

Delira kriye\*, pip Byenneme tonbe. Yo pa ka kwè pitit gason yo a tounen lakay\*. Sa fè kenzan depi li pati, kenzan depi y ap tann\* li, san pran nouvèl li. Epi kounyeya, li rive, li la.

10

**Delira**

**“Mèsi, Bondye! Mèsi, lwa\* yo! Pitit gason nou te pèdi a tounen vin jwenn manman l ak papa l!”**

**Delira ba li yon ti vè kleren\*. Mannwèl bwè l.**

**Byenneme**

**“Sa ou ap fè la! Ou bliye lemò\* yo! Chak fwa ou bwè, se pou ou lage\* kèk ti gout\* atè\* pou lemò. Yo swaf tou!”** 5

**Delira**

**“Pitit mwen, m te pè\* pou m pa mouri san m pa wè ou yon dènye fwa. Paske isit la tout bagay ap mouri, epi kretyen vivan\* tou. Pa gen lapli menm. Bondye bliye nou.”**

**Mannwèl**

**“Non, manman, se pa Bondye ki bliye nou, se nou ki bliye 10  
tè a. Se nou ki koupe twòp pyebwa, se nou ki pa okipe\*  
tè a. Se nou ki mèt tè a, se nou ki mèt lawouze\* tou.”**

## Chapit 3: Kèsyon

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. **Kibò vye granmoun fanm lan chita?**
2. **Èske li kontan anpil?**
3. **Ki lòt moun ki chita nan lakou a tou?**
4. **Sanzatann, sa k rive?**
5. **Kisa Delira fè lè l wè pitit gason li a?**
6. **Kisa Delira di?**
7. **Kisa Delira ak Byenneme pa ka kwè?**
8. **Depi konben tan Mannwèl te kite lakay li?**
9. **Kisa manman Mannwèl ba li pou l bwè?**
10. **Kisa Mannwèl bliye fè?**
11. **Poukisa pou li ta lage kèk ti gout atè?**
12. **Poukisa Delira te pè mouri san l pa wè pitit li a yon dènye fwa?**
13. **Dapre\* Mannwèl, kisa yo te bliye?**
14. **Se fòt\* ki moun?**
15. **Ki moun ki mèt tè a?**

<b>atè</b>	on the ground
<b>dapre</b>	according to
<b>finen</b>	to smoke
<b>fòt</b>	fault, mistake, error
<b>gout</b>	drop, drip
<b>kleren</b>	raw rum
<b>kretyen vivan</b>	human being
<b>kriye</b>	to cry, weep
<b>lage</b>	to let go, drop; to pour
<b>lakay</b>	home
<b>lakou</b>	yard, enclosure
<b>lawouze</b>	dew ( <i>symbolic for water</i> )
<b>lemò</b>	the dead
<b>lwa</b>	Voodoo spirit
<b>okipe</b>	to take care of; busy
<b>pè</b>	fear; to be afraid
<b>sanzatann</b>	suddenly; unexpectedly
<b>tann</b>	to wait, wait for

## Chapit 4: Chita Pa Bay



Yon lòt jou konmanse. Mannwèl chita nan lakou a. Manman l pote yon tas kafe ba li.

### Mannwèl

“Manman, m pa konprann. Kijan nou fè pou n viv, si pa gen dlo, si pa gen mayi, si pa gen pitimi\*?”

### Delira

“Bondye bon, pitit mwen! Nou pa ka fè anyen.”

5

### Mannwèl

“Non, non, manman. Chita pa bay.\* Nou ka lapriyè sen\* yo, lemò\* yo, men yo p ap fè anyen pou nou. Si nou nan lamizè, se pa fòt yo, se fòt nou. Se nou menm ki pou donte\* tè a, se nou menm ki pou ale jwenn dlo. Si nou pa regle\* lavi nou, se pa lezòt yo k ap regle l. Pa\* gen mirak ankò\*, manman, se pou nou travay.”

10

Delira

“Ou konn\* pale, pitit mwen, men pa bliye: se Bondye ki Granmèt, se li ki kòmande tout sen\* yo, tout lwa yo.”

Mannwèl sòti nan kay la. Li vle mache nan plenn\*, nan mòn, li vle wè ak de je l si pa gen dlo. Men, toupatou pa gen anyen. Tout kote sèk, sèk, sèk. Men, li di nan tèt li, 5  
dèyè mòn gen mòn, epi nan mòn sa yo petèt gen dlo.

Sanzatann, li wè yon ti nèg lèd ki mande l:

Jèvilen

“Se ou ki Mannwèl, pitit Byenneme ak Delira?”

Mannwèl

“Wi, se mwen menm.”

Lè sa a, nèg la gade l ak rayisman\*, epi l krache\*. 10  
Mannwèl pa konprann anyen.

---

<b>Chita pa bay</b>	Sitting around won't get you anywhere. ( <i>proverb</i> )
<b>donte</b>	to tame, master
<b>konn</b>	to know how; to be in the habit of
<b>krache</b>	to spit
<b>lemò</b>	the dead
<b>pa . . . ankò</b>	no . . . longer
<b>pitimi</b>	millet
<b>plenn</b>	plain ( <i>open country</i> )
<b>rayisman</b>	hate, hatred
<b>regle</b>	to regulate, guide, direct
<b>sen</b>	saint



## Chapit 4: Kèsyon

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. Kote Mannwèl chita?
2. Kisa manman l pote ba li?
3. Ki manje yo pa ka jwenn, san dlo?
4. Ki moun yo lapriyè?
5. Si moun Fonwouj nan lamizè, se fèt ki moun?
6. Kisa pou yo ale jwenn?
7. Si mirak pa fèt ankò, ki bagay ki ka sove yo?
8. Èske Delira dakò nèt ak pitit li a?
9. Poukisa Mannwèl sòti nan kay la?
10. Kisa li jwenn?
11. Men, kisa li di nan tèt li?
12. Ki moun li wè?
13. Kisa moun sa a mande l?
14. Kijan Mannwèl reponn?
15. Epi kisa lòt nèg la fè?

## **Numbers are still important in every language!**

<b>21</b>	<b>venteyen</b>	<b>31</b>	<b>tranteyen</b>
<b>22</b>	<b>vennde</b>	<b>32</b>	<b>trannde</b>
<b>23</b>	<b>venntwa</b>	<b>33</b>	<b>tranntwa</b>
<b>24</b>	<b>vennkāt</b>	<b>34</b>	<b>trannkāt</b>
<b>25</b>	<b>vennsenk</b>	<b>35</b>	<b>trannsenk</b>
<b>26</b>	<b>vennsis</b>	<b>36</b>	<b>trannsis</b>
<b>27</b>	<b>vennsèt</b>	<b>37</b>	<b>trannsèt</b>
<b>28</b>	<b>ventwit</b>	<b>38</b>	<b>trantwit</b>
<b>29</b>	<b>ventnèf</b>	<b>39</b>	<b>trantnèf</b>
<b>30</b>	<b>trant</b>	<b>40</b>	<b>karant</b>

## Chapit 5: Yon Vye Istwa



### Mannwèl

“Manman, papa, gen yon bagay m pa konprann. Jòdi a m te kontre ak yon ti nèg lèd ki te joure\* m. M pa konprann poukisa li te fè sa. Epitou, lòt jou sou wout la m te kontre ak yon bèl nègès ki te vire do\* kite m lè l te aprann ki moun m ye. Poukisa moun sa yo te fè sa? Gen yon bagay ki pa klè isit.” 5

### Byenneme

“Enben, pitit mwen, se yon vye istwa ki te pase pandan ou te Kiba. Konsa, te gen yon gwo gwo zafè tè. Moun yo pa t ka dakò menm sou kijan pou tè a separe. Epi yon jou mouche yo rele Doriska a te vini sou tè a ak yon konbit\*. Yo konmanse travay tè a. Frè m ki te rele Sovè a kouri al mande l sa l ap fè la a, paske tè sa a pa t pou li. Doriska joure Sovè, Sovè pran manchèt\* li, epi li touye Doriska. Te gen yon gwo batay, te gen anpil san\*. Pita, Sovè mouri nan prizon. Konsa, depi lè sa a, gen yon bò\* bouk la ki rayi lòt bò a.” 10 15

**Mannwèl kanpe. Li sòti nan jaden\*. Tèt li chaje anpil. Kounyeya li konprann, se pa yon pwoblèm dlo ase\* ki genyen, non. Gen de pwoblèm: moun rayi moun, moun pa vle travay nan tèt ansanm\* - epitou, pa gen dlo. Sa vle di\* se vre, pa gen lespwa, sa vle di tout bagay pèdi nèt.** 5

## **Chapit 5: Kèsyon**

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. Ki moun Mannwèl te kontre jou sa a?
2. Kisa nèg sa a te fè?
3. Epi ki lòt moun li te kontre yon lòt jou?
4. Kisa nègès sa a te fè?
5. Kilè istwa Doriska ak Sovè a te rive?
6. Ki gwo gwo zafè ki te genyen?
7. Èske moun yo te antann yo\* sou kijan pou tè a separe?
8. Kisa Doriska te fè yon jou?
9. Ki moun Sovè te ye?
10. Kisa Sovè te mande Doriska?
11. Epi kijan Doriska te reponn li?
12. Lè sa a, kisa Sovè te fè?
13. Te gen lòt moun nan istwa sa a tou?
14. Kisa ki te rive Sovè pita?
15. Depi lè sa a, kijan Fonwouj vin separe?
16. Poukisa Mannwèl chagren anpil lè l tande istwa sa a?

<b>antann</b> (+ <i>pronoun</i> )	to agree
<b>ase</b>	only; enough
<b>bò</b>	side; near
<b>jaden</b>	field; garden
<b>joure</b>	to insult, swear at
<b>konbit</b>	agricultural work team
<b>manchèt</b>	machete
<b>nan tèt ansanm</b>	as one, in union
<b>san</b>	blood; without; hundred
<b>vire do</b>	to turn one's back
<b>vle di</b>	to mean

## Chapit 6: Travay Nan Tèt Ansanm



Yon jou swa\*, vè senkè, Mannwèl al tann Anayiz sou mòn lan. Nèg la te kontre li nan bouk la, men\* Anayiz pa t vle pale ak li. Mannwèl te di l li gen yon bon ti koze pou l pale ak li. Kounyeya, men\* Anayiz k ap rive:

Mannwèl

“Anayiz, o! Mwen kontan anpil anpil ou vini.”

5

Anayiz

“Wi, men m pa gen dwa vini pale avè ou.”

Mannwèl

“Anayiz, èske ou pa bouke ak tout vye istwa rayisman ki nan bouk la?”

Anayiz

“Men wi! Se sa k mete n nan plis mizè: moun rayi moun.”

Mannwèl

“Tout bagay la, se dlo ki pa genyen, epi youn pa vle travay ak lòt.”

Anayiz

“Men, kisa nou ka fè nan sa?”

Mannwèl

“Nou ka jwenn dlo, fè dlo rive nan jaden nou, fè dlo rive nan bouk nou an pou jwenn lavi.”

5

Anayiz

“E moun ki gen fòs pou jwenn dlo a, se ou menm menm, Mannwèl!”

Mannwèl

“M pa konnen, m pa konnen. Men, si m resi\* jwenn dlo a, fòk\* ta gen anpil moun pou travay nan tèt ansanm, nan yon gwo konbit frè ak frè. E se pou sa m di m bezwen ou anpil, Anayiz.”

10

Anayiz

“Poukisa?”

Mannwèl

“Paske si m resi jwenn dlo a, tout moun bezwen travay ansanm. E ou menm, ou ka pale ak fanm yo. Se fanm yo ase ki ka rive chanje gason yo, fè yo konprann lè frè rayi frè, frè pa ka travay ak frè. Epi si youn pa vle travay ak lòt, tout moun ap mouri. Fòk nou chanje lavi nou ansanm.”

15

Anayiz

“O Mannwèl!” (*Yo bo\*.*)

## Chapit 6: Kèsyon

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. Kilè Mannwèl al tann Anayiz?
2. Ki kote l ap tann li?
3. Se premye fwa Mannwèl te kontre li depi premye jou a?
4. Poukisa Mannwèl vle pale ak li?
5. Èske Mannwèl kontan wè li?
6. Men, kisa Anayiz reponn li?
7. Kisa Mannwèl vle di lè l pale sou “vye istwa rayisman ki nan bouk la”?
8. Dapre Mannwèl, poukisa moun nan bouk la pa gen anyen?
9. Kisa Mannwèl kwè yo dwe fè?
10. Dapre Anayiz, ki moun ki gen fòs pou jwenn dlo a?
11. Si l rive jwenn dlo, kisa lezòt yo dwe fè?
12. Epi kisa Anayiz menm ka fè?
13. Kisa fanm yo ka rive fè?
14. Sa k rive lè youn pa vle travay ak lòt?
15. Sa k rive nan fen chapit sa a?

---

<b>bo</b>	to kiss, embrace
<b>fòk</b>	it is necessary that
<b>jou swa</b>	evening
<b>men</b>	but; hand; here is
<b>resi</b>	to succeed



## Chapit 7: Dlo!



Anayiz ap tounen lakay li, nan fènwa\*. Sanzatann, li tande yon vwa\*.

### Anayiz

“Ki moun ki la?”

### Jèvilen

“Ou pa konnen? A! a! Se kouzen ou, Jèvilen. Ou pa pè mache nan fènwa konsa? Epi, kisa ou ap fè la a? Ou kwè m pa te wè ou ak vakabon\* sa a, neve\* Sovè a?”

### Anayiz

“Sa pa gade ou!\*”

### Jèvilen

“Sa ou di la a, sa pa gade m! Sa gade m, wi! Ou gentan\* bliye mwen te vle voye tonton\* mwen mande manman ou pou ou? Èske ou chanje lide\* ou depi lè sa a?”

Anayiz

“Bliye bagay konsa, monchè.”

Jèvilen

“Ou ap regrèt sa! Tonnè, fout\*! Sanzave\* sa a, Mannwèl, ap regrèt nèl li te jennen\* Jèvilen, l ap regrèt li te fèt! Ou a wè! Ou a wè!”



Mannwèl ap mache nan mòn. Li gade adwat, li 5  
gade agòch. Li toujou pa wè anyen. Solèy\* la cho  
anpil anpil... Sanzatann, li wè yon bann\* zwazo\*.  
Li kouri vit vit kote yo fèk\* sòti a. Li tonbe\* koupe  
raje\* ki bare\* wout li. Anfen li rive nan fon\*  
rakbwa\* a. Li tonbe fouye\* tè a. “Dlo, dlo, dlo! 10  
Mèsi, Bondye, mèsi!”

## Chapit 7: Kèsyon

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. **Ki kote Anayiz ap tounen?**
2. **Kisa li tandè?**
3. **Ki moun ki la?**
4. **Poukisa Jèvilen mande l si l pa pè?**
5. **Kisa Jèvilen te gentan wè?**
6. **Èske Jèvilen renmen Anayiz?**
7. **Epi èske Jèvilen renmen Mannwèl?**
8. **Poukisa?**
9. **Ou kwè Anayiz pito\* Jèvilen oubyen\* Mannwèl?**
10. **Anvan li pati, kisa Jèvilen di?**



11. **Kote Mannwèl ap mache?**
12. **Sanzatann, kisa li wè?**
13. **Kote li kouri?**
14. **Poukisa?**
15. **Kisa li tonbe fè?**
16. **Epi, kisa li jwenn?**

<b>bann</b>	flock, band, group
<b>bare</b>	to block, obstruct
<b>fèk</b>	to have just (done something)
<b>fènwa</b>	darkness
<b>fon</b>	bottom, back
<b>fouye</b>	to dig
<b>gentan</b>	already
<b>jennen</b>	to disturb, annoy, get in the way of
<b>lide</b>	mind; idea
<b>neve</b>	nephew
<b>oubyen</b>	or
<b>pito</b>	to prefer
<b>raje</b>	underbrush
<b>rakbwa</b>	thicket
<b>Sa pa gade ou!</b>	That's none of your business!
<b>sanzave</b>	good-for-nothing, bum
<b>solèy</b>	sun
<b>tonbe</b>	to begin to; to fall
<b>tonnè, fout!</b>	damn!
<b>tonton</b>	uncle; old man
<b>vakabon</b>	good-for-nothing, bum, scoundrel
<b>vwa</b>	voice
<b>zwazo</b>	bird

## Chapit 8: Yon Fil Ki Pa Janm Kase



### Anayiz

“Se pa vre, Mannwèl? Ou jwenn dlo? Men, èske ou sèten gen ase dlo pou wouze\* tout tè nou yo?”

### Mannwèl

“Pa gen pwoblèm, Anayiz, gen dlo pou tout moun, tout bagay pral chanje kounyeya.”

### Anayiz

“Ou fò, Mannwèl.”

5

### Mannwèl

“Mwen pa fò, Anayiz, men m gen konfyans. Sa pi enpòtan.”

### Anayiz

“Konfyans nan kisa?”

Mannwèl

“M gen konfyans nan lavi, konfyans moun p ap mouri. Natirèlman, tout moun gen pou\* kite tè a yon jou. Men, ou wè, Anayiz, pou mwen lavi a menm ap kontinye, paske se yon fil\* ki pa janm kase, ni ki pa janm pèdi. Ou konnen poukisa? 5  
Se paske chak moun ki fè yon travay ki itil, se tankou\* yon ne\* li fè nan fil sa a, ki ranfòse l, ki fè lavi a pi bon pou tout lezòt yo k ap vini apre. Nou tout, se travayè nou ye, se frè nou ye. 10  
Youn ede lòt, menm apre lanmò.”

Anayiz

“Mannwèl, o! M renmen ou.”

Mannwèl

“M renmen ou, Anayiz! M vle bati yon kay, ak de pòt, de fennèt, epi yon ti galri - e tout sa pou ou, Anayiz.”

Anayiz

“Montre m dlo a, wi, Mannwèl.”

Mannwèl

“Ann al gade l ansanm, cheri.” (*Yo rive bò sous\** 15  
*la.*)

Anayiz

“O! li fè fre\* isit la. O! li bèl! Gade dlo! gen dlo toupatou! Mannwèl, o!”

Epi yo tonbe atè. E la, bò dlo a, yo fè youn.

## Chapit 8: Kèsyon

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. Kisa Mannwèl te jwenn?
2. Ki kantite dlo ki genyen?
3. Poukisa Anayiz kwè Mannwèl fò?
4. Kijan Mannwèl diferan ak lòt moun Fonwouj yo?
5. Kisa tout moun gen pou fè yon jou?
6. Poukisa Mannwèl di lavi a, se tankou yon fil?
7. Epi, kisa sa ye, “yon ne” nan fil sa a?
8. Kisa sa kap fè pou lezòt yo k ap vini apre?
9. Kijan fè chak moun se frè youn ak lòt?
10. Kisa Mannwèl vle bati pou Anayiz?
11. Ki kalite kay li ta vle bati pou li?
12. Kisa Anayiz vle al wè kounyeya?
13. Èske li fè cho bò sous la?
14. Ou kwè Anayiz ak Mannwèl renmen youn lòt?
15. Poukisa?

---

<b>fil</b>	thread
<b>fre</b>	cool
<b>gen pou</b>	to have to
<b>ne</b>	knot
<b>sous</b>	spring ( <i>of water</i> )
<b>tankou</b>	as, like
<b>wouze</b>	to water, irrigate

## Chapit 9: Dlo Pou Ki Moun?



(Pip Byenneme tonbe.)

### Byenneme

“Sa ou di la, pitit mwen? Ou te jwenn dlo! Se pa vre! Pitit mwen, o! Mwen rekonnèt san\* mwen byen nan ou! Men, rakonte n: èske se yon ti gout dlo, oubyen èske gen dlo pou wouze tout jaden nou yo?”

5

### Mannwèl

“Pa gen pàn,\* papa! Genyen pou *tout* moun nan bouk la!”

### Byenneme

“Men, lè ou di *tout* moun, ou pa vle di tout vye\* moun sa yo ki lènmi\* ak nou! Yo pa gen dwa sèvi ak dlo sa a, paske se ou menm menm ki te jwenn li!”

10

### Mannwèl

“Non, papa, dlo a se pou tout moun li ye. Tout moun gen dwa sèvi avè l - epi pou dlo rive jouk isit la, fòk



anpil anpil travay fèt\*. Fòk gen yon gwo konbit kote tout moun travay nan tèt ansanm. Fòk nou tout fouye yon gwo kannal. Yon sèl ti ponyen\* moun pa ta kapab.”

### Byenneme

“Non, non, non! Mwen p ap janm asepte travay ak 5  
lezòt yo tou. Yo menm, se moun Doriska\*, ki te vle pran tè ki te pou nou, ki te fè\* Sovè, fre m lan, mouri\* nan prizon. Mwen p ap janm asepte travay ak moun sa yo!” (*Li sòti.*)

### Delira

“Ou wè, pitit mwen. Vye rayisman an la depi twò 10  
lontan.”

### Mannwèl

“Pa gen anyen lòt nou ka fè, manman. Fòk tout moun travay ansanm, oubyen n ap mouri ansanm. M pral pale ak gason yo, epi Anayiz ap pale ak fanm yo. Si tèt yo pa ta vle koute n, enben vant\* yo a koute n. Mwen 15  
konnen yo.”

---

fè . . . mouri	to cause . . . to die
fèt	done, made, completed; to be born
lènmi	enemy
moun Doriska	Doriska’s people
Pa gen pàn!	No problem!
ponyen	handful, group
san	blood; without; hundred
vant	stomach
vye	disgusting; hateful; old

## Chapit 9: Kèsyon

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. Kisa ki rive lè Byenneme tande nouvèl la?
2. Kijan nou konnen Byenneme kontan anpil ak pitit gason li a?
3. Ki kèsyon Byenneme mande Mannwèl pou konmanse?
4. Ki lòt moun ki te mande Mannwèl menm kèsyon sa a deja?
5. Lè Mannwèl di “tout moun,” kisa li vle di?
6. Dapre Byenneme, poukisa lènmi yo pa gen dwa sèvi ak dlo sa a?
7. Kijan Mannwèl reponn li?
8. Poukisa yo dwe fouye yon gwo kannal?
9. Epi ki pwoblèm ki gen nan sa?
10. Kisa sa ye, yon konbit?
11. Èske Byenneme dakò pou l travay ak lènmi?
12. Kisa Doriska te vle fè?
13. Kisa Sovè te ye pou Byenneme?
14. Kote Sovè te mouri?
15. Poukisa yo te mete l nan prizon?
16. Dapre Delira, poukisa moun Fonwouj yo p ap janm vle travay nan tèt ansanm?
17. Dapre Mannwèl, si tout moun Fonwouj pa vle travay ansanm, sa k ap rive?
18. Poukisa Mannwèl kwè moun Fonwouj yo ap koute l?

## Chapit 10: Yon Koze Serye



Nouvèl Mannwèl te jwenn dlo a te gaye\* toupatou nan ti bouk la. Teledyòl\* mache vit! Anayiz te ale pale ak fanm yo. Tout moun ki lènmi Mannwèl yo ap reyini\* pou diskite zafè sa a. Se lannwit. Sanzatann:

5

### Mannwèl

“Onè!.\*”

### Lezòt

“Respè!\* O! o! se Mannwèl! Sa ou vin chache isit la?”

### Mannwèl

“Frè m yo, m vin pale ak nou. Vye istwa sa a ki mete youn lènmi ak lòt, li la depi twò lontan. Sa m ta vle fè kounyeya, se fè youn vin zanmi ak lòt. M te jwenn yon sous, se vre, men... li lwen anpil. Fòk nou tout travay

10

nan tèt ansanm, nan yon gwo konbit pou fè dlo a rive jouk isit. Sa yon men pa kapab fè, de ka fè l. Fòk nou bay lanmen\*; ki avantaj ki genyen lè nou lènm? Gade timoun yo, gade plant yo. Se lanmò ki make sou yo. Frè 5  
m yo, sèl jan pou nou sove tèt nou\*, se pou nou tout fè youn. Tout moun se moun.\* Youn bezwen lòt, youn ap mouri san lòt!”

### Jèvilen

“Fout! Sa ou ap di nou la a? Ou vle achte nou pou yon ti gout dlo! San an te koule\*, san papa mwen, nou pa 10  
ka janm bliye sa! (*Pèsonn pa di anyen . . .*) M wè sa, nou tout kont mwen! Enben, m ale - men, Mannwèl, konsa ou frape m de (2) fwa. Yon sèl fwa deja, se te twòp!” (*Li sòti.*)

---

<b>bay lanmen</b>	to join hands, work together
<b>gayè</b>	to spread, spread out
<b>koule</b>	to flow
<b>lajounen</b>	daytime
<b>onè</b>	honor ( <i>traditional request to enter home</i> )
<b>respè</b>	respect ( <i>traditional reply to enter</i> )
<b>reyini</b>	to meet, get together
<b>teledyòl</b>	word-of-mouth, “coconut grapevine”
<b>tèt nou</b>	ourselves; yourselves
<b>Tout moun</b>	Everyone is equal. / Everyone
<b>se moun</b>	deserves to be treated as a human being. ( <i>proverb</i> )

## Chapit 10: Kèsyon

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. Kisa teledyòl gaye vit nan ti bouk la?
2. Kisa Anayiz te ale fè?
3. Ki moun ki reyini pou diskite kounyeya?
4. Èske se pandan lajounen\*?
5. Kisa Mannwèl di lè l rive devan kay la?
6. E kijan yo reponn li?
7. Kisa Mannwèl di sou vye istwa ki mete youn lènmi ak lòt?
8. Èske sous Mannwèl te jwenn lan bò bouk la?
9. Poukisa fòk tout moun travay ansanm nan yon gwo konbit?
10. Ki kèsyon Mannwèl mande yo?
11. Kisa sa vle di: “Tout moun se moun”?
12. Dapre Jèvilèn, kijan Mannwèl vle achte yo?
13. Ki moun ki te papa Jèvilèn?
14. Èske lezòt yo koute Jèvilèn?
15. Poukisa Jèvilèn di Mannwèl te frape l de (2) fwa?

## Chapit 11: Lanmò



Mannwèl ap tounen lakay li. Li kontan. Tout bagay byen pase. Li sèten denmen y ap ba li yon bon repons. Tout moun ap rekonmanse viv tankou frè, tout moun ap rekonmanse travay ansanm. Yo sove, Fonwouj sove.

5

Sanzatann, nan fènwa a, gen yon bri\*. Yon men rive nan do Mannwèl, yon men ak yon kouto\*. Mannwèl tonbe. Li ret atè a pandan lontan. Li rele, men lavwa\* li twò fèb\*. Pèsonn pa tande anyen. Piti piti li konmanse rale\*. Anfen, anfen li rive lakay li.

10

### Delira

“Ki moun ki la?”

Mannwèl

“Manman, manman, se mwen.”

Delira

“Mannwèl, o! Sa k rive ou? Vini, non! Kite\* m ede ou. Kouche\* la. O! o! Apa\* ou benyen san! Ki moun ki fè ou sa? Kite m ale fè plent kay lapolis touswit!”

Mannwèl

“Non, non, manman. M ap mouri. Dènye bagay mwen 5  
mande ou, se pou ou pa di anyen. Di yo m te sot Kiba  
ak yon vye lafyèv; se li ki touye m. Osinon\*, vye istwa  
moun rayi moun, youn pa vle travay ak lòt la, pral  
kontinye - epi sa k pèdi a, se dlo a, se nou, se Fonwouj.  
Anayiz a montre nou kote dlo a ye. Chante antèman\* 10  
m ak yon chante\* konbit. M kite ou, manman.” (*Li mouri.*)

---

<b>antèman</b>	funeral, burial
<b>apa</b>	look how...!
<b>bay manti</b>	to lie, tell lies
<b>bri</b>	noise
<b>chante</b>	song; to sing
<b>fèb</b>	weak, feeble
<b>kite</b>	to let; to leave; to stop (doing something)
<b>kouche</b>	to lie down; to get into bed
<b>kouto</b>	knife
<b>lavwa</b>	voice
<b>osinon</b>	if not, otherwise
<b>rale</b>	to crawl; to pull

## Chapit 11: Kèsyon

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. Poukisa Mannwèl kontan?
2. Kisa sa vle di: “yon bon repons”?
3. Kijan Fonwouj ap sove?
4. Sanzatann, kisa ki rive nan fènwa a?
5. Lè Mannwèl rele, poukisa pèsonn pa tande l’?
6. Kijan li rive lakay li?
7. Kisa Delira mande lè l tande yon moun?
8. Epi kisa Delira di?
9. Ki moun Delira vle rele touswit?
10. Ki dènye bagay Mannwèl mande manman l’?
11. Kijan Mannwèl vle yo di li te mouri?
12. Poukisa li vle manman l ba\* yo manti\*?
13. Si yo rete toujou nan moun rayi moun, kisa k ap pèdi?
14. Kijan moun yo ka jwenn sous la?
15. Kijan Mannwèl vle yo chante antèman l’?



## Chapit 12: Mèt Lawouze



Tout zanmi Mannwèl yo vini nan veye\* a. Se kriye sèlman Delira ak Anayiz ap kriye. Byenneme rete la tankou yon nonm\* soud\*, yon nonm avèg\*. Zanmi Mannwèl yo desann sèkèy\* la tou dousman nan twou a. Youn di: “Ou ale vre, Mannwèl . . . Lè nou bouke, 5  
lè nou chagren, lè n ap di: ‘Poukisa n ap debat\*, lavi pa vo\* lapenn\*, n a sonje\* ou, Mannwèl, n a sonje egzanp ou a. Nou kapab chanje lavi, nou se mèt lawouze.’”

Jou swa sa a, Delira te ale pou kont li\* nan kay kote 10  
“lènmi yo” te rasanble a. Yo sezi wè li.

### Delira

“Se pitit mwen an, pitit mwen ki mouri a, ki voye m isit la. Li te kite yon mesaj pou nou. Men, dabò\* se pou nou sèmante\* nou p ap janm di anyen sou sa m pral

di aswè a. (*Yo sèmante.*) Nou tout konnen se Jèvilen ki touye gason m lan e nou konnen Jèvilen te gentan kite Fonwouj. (*Silans.*) Men, se pou nou pa di anyen. Se Mannwèl menm ki pa t vle yon lòt vye istwa moun rayi moun konmanse ankò. Deja nou tout te bay anpil sakrifis pou nou ka gen dlo: nou bay san poul, san kabrit\*. Sa pa chanje anyen. Kounyeya, se Mannwèl ki bay san pa l pou nou gen dlo. Se pa poul yo oubyen kabrit yo k ap chanje lavi: se moun ase ki ka fè l. Li te bay lavi li pou Fonwouj ka viv. Li te vle lanmò li sèvi pou lavi. Respekte tèt li. M ale, frè m yo.”



Aprè yon mwa konsa, Delira ak Anayiz ap gade kannal konbit la te fouye a. Tanbou\* ap bat, moun ap chante yon chante pou Mannwèl. Sanzatann, gen yon gran silans. Epi:

### Anayiz

“Manman, o! Men dlo a, men dlo a!”

### Delira

“O! o! Mannwèl, pitit mwen, poukisa ou pa la pou wè sa! Poukisa? Poukisa ou te mouri?”

### Anayiz

“Li pa mouri nèt, manman. Mete men ou la a, sou vant mwen. Mannwèl ap viv ankò, Fonwouj ap viv ankò.”

## Chapit 12: Kèsyon

*Reponn an kreyòl ak yon fraz konplèt:*

1. Kisa Delira ak Anayiz ap fè nan veye Mannwèl?
2. E Byenneme?
3. Nan ti koze zanmi Mannwèl la ap fè a, dapre ou menm, ki bagay ki pi enpòtan?
4. Jou swa sa a, ki kote Delira ale?
5. Poukisa yo sezi wè l'?
6. Poukisa li ale la?
7. Kisa yo dwe sèmante yo p ap di?
8. Kisa tout moun ki la konnen sou lanmò Mannwèl?
9. Kote Jèvilen kounyeya?
10. Poukisa Mannwèl vle zanmi li yo kwè se lafyèv ki te touye l'?
11. Ki sakrifis moun Fonwouj te fè deja?
12. Dapre Mannwèl, ki sèl jan moun ka chanje lavi?
13. Kijan lanmò li ka sèvi?



14. Apre yon mwa konsa, kisa Delira ak Anayiz ap gade?
15. Poukisa te gen yon gran silans?
16. Poukisa Anayiz di Mannwèl pa mouri nèt?

<b>avèg</b>	blind
<b>dabò</b>	first, first of all
<b>debat</b>	to struggle, endeavor
<b>kabrit</b>	goat
<b>lapenn</b>	effort, trouble; sorrow; suffering
<b>nonm</b>	man
<b>pou kont</b>	
(+ <i>pronoun</i> )	alone
<b>sèkèy</b>	coffin
<b>sèmante</b>	to swear, pledge
<b>sonje</b>	to remember
<b>soud</b>	deaf
<b>tanbou</b>	drum
<b>veye</b>	funeral wake
<b>vo</b>	to be worth

## Kèsyon Jeneral

1. Nan istwa sa a, Jacques Roumain pa mete ni yon agwonòm\* ki te sòti nan Pòtoprens, ni yon bann moun ki te sòti lòtbò dlo\*, ki vini sove bouk la. Okontrè\*, li mete yon nèg ki sòti nan bouk la ki tounen sove bouk li a. Poukisa?
2. Èske ou kwè Jacques Roumain te bezwen kanpe\* nan *Mèt Lawouze* yon nèg ki te kite peyi l, anvan li ka tounen ede l? Poukisa?
3. Èske gen moun ki ta ka di se lwa yo ki voye Mannwèl ede Fonwouj?
4. Ou kwè Mannwèl te bezwen mouri nan istwa sa a?
5. Kilès\* ki pi konsekan\* nan istwa sa a: jwenn dlo, oubyen moun k ap travay nan tèt ansanm?
6. Kisa tit\* la vle di: *Mèt Lawouze*?
7. Poukisa ou kwè yo mete istwa *Mèt Lawouze* nan anpil anpil lang lòtbò?

---

<b>agwonòm</b>	agronomist, agricultural expert
<b>kanpe</b>	to place, insert; to stand up, standing
<b>kilès</b>	which, which one
<b>konsekan</b>	important, of consequence
<b>lòtbò dlo</b>	from overseas, abroad
<b>okontrè</b>	on the contrary
<b>tit</b>	title

## PWOVÈB

*Not even a short selection of Haitian readings would be acceptable without a sampling of one of the most characteristic expressions of Haiti's culture: the proverb. Each can be uniquely revealing not only as a general truth, but as an insight into many of the underlying attitudes of this fascinating people.*

*Rather than furnish a literal translation, in most cases we prefer to suggest a broad interpretation. The reader is invited to find others as well. Proverbs are similar to parables: more than one meaning can be valid.*

1. **Bondye bon.**

Whatever God does is for the best.

Whatever is, is good.

*(Haiti's eternally optimistic fatalism.)*

2. **Dèyè mòn, gen mòn.**

After one sorrow, more sorrows.

If it's not one thing, it's another.

There's more than meets the eye.

3. **Sak vid pa kanpe.**

No work gets done on an empty stomach.

You get out what you put in.

4. **Santi bon koute chè.**

A big front doesn't come cheaply.

5. **Kreyon\* Bondye pa gen gòm.\***

God makes no mistakes.

What God promises He will give.

What's traced for you is forever traced.

6. **Bèl fanm, bèl malè.**  
A beautiful woman means trouble.
7. **Nèg di san fè, Bondye fè san di.**  
Man talks, God acts.
8. **Pale franse pa di lespri pou sa.**  
Fancy talk doesn't mean brains.
9. **Bèl larivyè, nanpwen\* rad\*.**  
A beautiful situation, wasted.  
All dressed up and no place to go.
10. **Milat\* pòv se nèg, nèg rich se milat.**  
Money is everything.
11. **Prese bon, dousman bon.**  
There's more than one right way.
12. **Grangou dimanch pi rèd.**  
Hunger is worse when others are feasting.
13. **Bon mache koute chè.**  
Bargains are expensive.
14. **Tan ale, li pa tounen.**  
We can never recapture the past.
15. **Fanm se kajou: plis li vye, plis li bon.**  
Women, like wine, improve with age.

**16. Sa nèg fè nèg, Bondye ri.**

God does not trouble Himself with what man does to man.

**17. Tout moun se moun.**

Everyone deserves to be treated as a human being.

**18. Anpil bèl bagay anmè\*.**

Appearances can be deceiving.

**19. Si ou bay pòv, se Bondye ou prete.**

Charity has its rewards.

**20. Nanpwen\* kòb, nanpwen manje.**

You get what you pay for.

**21. Pitit tig, se tig.**

“The tiger’s cub can be dangerous too.”

*(Jean-Claude Duvalier, 1975)*

**22. Ti nèg fè sa l kapab, grannèg\* fè sa l vle.**

Money and power are everything.

**23. Tande pa di konprann pou sa.**

Hearing is one thing, understanding is another.

**24. Grannèg\* se lalwa.**

Might makes right.

**25. Pitit se richès pòv malere.**

A child is the poor man’s consolation.



26. **Piti piti zwazo fè nich\* li.**  
Everything takes time.
27. **Lanne pase toujou pi bon.**  
The grass is always greener on the other side.
28. **Fanm pou yon tan, manman pou tout tan.**  
Wife for a time, mother for all time.
29. **Pise marengwen ogmante larivyè.**  
Every little drop counts.
30. **Lè ou krache\* an lè, li tonbe sou nen ou.**  
What goes around, comes around.
31. **Aprè dans, tanbou\* toujou lou.**  
After the excitement is over, life can be a drag.
32. **Kreyòl pale, kreyòl konprann.**  
Creole (as opposed to French) means straight,  
honest talk.
33. **Kouri lapli, tonbe larivyè.**  
In avoiding one thing, we fall into something  
worse.
34. **Bay kou bliye, pote mak sonje.**  
The culprit forgets, the victim remembers.
35. **Po tè pa goumen\* ak po fè.**  
Know thyself.
36. **Entelijan twonpe\* 'leve bonè'.**  
The smart person figures the angles.

37. **Fanm se zanj, fanm se denmon.**

Can't live with 'em, can't live without 'em.

38. **CHITA PA BAY.**

Sitting around won't get you anywhere.

---

<b>anmè</b>	bitter
<b>gòm</b>	eraser
<b>goumen</b>	to fight
<b>grannèg</b>	“big shot,” person of importance
<b>krache</b>	to spit
<b>kreyon</b>	pencil
<b>milat</b>	Mulatto
<b>nanpwen</b>	(there is/are) no
<b>nich</b>	nest
<b>rad</b>	clothes
<b>tanbou</b>	drum
<b>twonpe</b>	to deceive, fool

## Blag

### 1 *Gwo deblozay\**

Te gen yon nèg ki te ale nan yon ba\*. Li rele bamann\* lan: “Vit, vit, pote yon ti vè wonm ban mwen anvan gwo deblozay la.” Bamann lan pote yon ti vè wonm ba li.

Nèg la di ankò: “Vit, vit, pote yon ti vè wonm ban mwen anvan gwo deblozay la.” Bamann lan pote yon dezyèm ti vè wonm ba li. 5

Nèg la di ankò: “Vit, vit, pote yon ti vè wonm ban mwen anvan gwo deblozay la.”

Bamann lan di: “O! o! ki gwo deblozay sa a?” 10

Nèg la reponn: “Ou pa konnen? Gwo deblozay sa a, se lè ou ap aprann m pa gen kòb pou peye ou!”

### 2 *Istwa yon bourik\**

Te gen yon nèg ki fèk\* marye. Nèg la moute ak madanm li sou bourik li.

Bourik la fè yon fopa\*. Nèg la di: “Sa fè yon fwa.”

Bourik la fè yon dezyèm fopa. Nèg la di: “Sa fè de (2) fwa.” 5

Bourik la fè yon twazyèm fopa. Nèg la desann bourik la ak madanm li, epi li touye bourik la.

Madanm li di: “Poukisa ou fè sa?”

Nèg la di: “Sa fè yon fwa.”

---

<b>ba</b>	bar	<b>deblozay</b>	uproar, ruckus
<b>bamann</b>	bartender	<b>fè yon fopa</b>	to stumble
<b>bourik</b>	donkey	<b>fèk</b>	to have just (done something)

### 3 *Yon dènye sigarèt?*

Te gen yon nèg yo t apral\* touye. Anvan yo touye li, yo mande l: “Èske ou ta vle fimen yon sigarèt anvan nou touye ou?”

Nèg la reponn: “Non, mèsì, bòs papa. Mwen fèk kite fimen! Li pa bon pou lasante m.” 5

### 4 *Boujwa ak abitan*

Te gen yon boujwa Petyonvil ki te sòti nan bèl machin li pou ale Ench. Lè l rive andeyò\*, li pèdi wout li. Konsa li rete pou l mande yon abitan kijan pou l fè pou l rive Ench.

“Alo! konpè m! Ki kote pou m pase pou m ale Ench?” 5

Abitan an reponn: “M pa konnen.”

Nèg Petyonvil la mande l ankò: “Oke. Èske ou ta ka di m ki kote pou m fè pou m rive Mibalè?”

Abitan an reponn: “M pa konnen.”

Nèg Petyonvil la move\*, li di lòt la: “Kifè, vye papa! 10  
Ou pa konnen anyen?”

Abitan an reponn: “Se pa mwen menm ki pèdi, non.”

**andeyò** country(side), hills, backwoods, “sticks”

**apral** to be going (to)

**move** angry, annoyed; bad

## 5 *Degouden\* pou Bondye*

Yon samdi swa, papa Ti Lifèt te ba li yon pyas\*.

“Degouden, se pou bay legliz denmen maten. Ak lòt degouden an, ou mèt\* al achte yon krèm\*.”

Ti Lifèt kouri vit sòti lakay li. L ale nan boutik krèm lan, men, anvan li rive la, li tonbe: **bip!** Epi yon 5  
degouden tonbe tou: **bling...** Yon gwo chen vale l!

Ti Lifèt di: “O! o! Erezman se degouden papa Bondye a chen an vale la a!”

## 6 *Yon moun Okap*

Yon moun ki sòti Pòtoprens te rive Okap. Lè l rive la, li mande yon moun Okap si se yon bon lavil Okap ye.

Moun Okap la reponn: “O wi, se sa nèt! Lè m te rive isit la, mwen pa te gen fòs pou m di yon sèl mo\*; m pa t gen cheve\* nan tèt mwen ditou\*; menm lè 5  
moun te vle ede m, mwen pa te kapab mache nan lari; tout tan ata\* ede yo te ede m kouche, epi menm bagay tou pou lè m t ap leve.”

Moun Pòtoprens la di: “O! o! Se yon bèl bagay sa a! Depi kilè ou isit la?” 10

Moun Okap la reponn: “Mwen menm? Se isit la mwen fèt.”

---

<b>ata</b>	even	<b>mèt</b>	may ( <i>permission</i> );
<b>cheve</b>	hair		master; owner; teacher
<b>degouden</b>	one-half of a gourde (formerly 10 cents U.S.)	<b>mo</b>	word
<b>ditou</b>	(not) at all	<b>pyas</b>	( <i>familiar expres- sion for</i> ) Haitian
<b>krèm</b>	ice-cream		gourde (formerly 20 cents U.S.)

## 7 *Fanmi mwen*

**Tijak:** “Madanm souple, èske ou ta ka ban m twa goud pou m kap ale jwenn fanmi mwen, tanpri souple?”

**Touris:** “Pa gen pwoblèm, pitit mwen an, men twa goud. Konsa, ou ka ale wè fanmi ou. Men, ki kote fanmi ou ye?” 5

**Tijak:** (*l ap kouri chape poul li\**) “Nan sinema, wi!”

## 8 *Mwen menm tou!*

*Yon mèt lekòl telefonnen manman yon elèv:*

**Mèt:** Bonjou, madanm. Kijan ou ye?

**Manman:** Byen, msye. E ou menm?

**Mèt:** M ap boule piti piti, wi. M telefonnen ou paske gen yon ti pwoblèm ak pitit ou a. Li te pran poul sou\* yon ti zanmi li. 5

**Manman:** Poukisa ou di sa, Mèt?

**Mèt:** Gen de jou, msye ak ti zanmi li a te fè menm fòt nan egzamen m te ba yo a.

**Manman:** Mezanmi! Men, se pa pitit mwen an, non! 10  
Se siman lòt la ki te pran poul sou li.

**Mèt:** M ap esplike ou, madanm. Mwen te ba yo yon ti egzamen kalkil\*: “Konben de (2) plis senk (5)

<b>chape poul</b> (+ <i>pronoun</i> )	to clear out, take to one’s heels
<b>ditou</b>	(not) at all
<b>kalkil</b>	arithmetic
<b>pran poul (sou)</b>	to copy, cheat ( <i>on test</i> )

fè?” Ti zanmi li a te ekri: “M pa konnen!” Pitit ou a te ekri: “Mwen menm tou!”

## 9 *Tout kalite\* kafe*

De moun te vin chita nan yon gran restoran Petyonvil.

Aprè yo fin manje yon gwo dine\*, gason an te mande: “Èske nou ta pito kafe ayisyen oubyen kafe ameriken?”

